ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№25 (23.839) ● 2019 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 5, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Гуфіэгъуэ пшыхь

Урысей Федерацэм и Правительствэм и деж щыІэ Финанс университетыр къыззрыззрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур Москва щагъэлъапІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ К. В. хэтащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и деж щыІэ Финанс университетыр къыззрыззрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъуам теухуа гуфІэгъуэ зэхыхьэм.

КІУЭКІУЭ Казбек а пІалъэ гуфІэгъуэмкІэ вузым и унафэщІхэм, лэжьакІуэхэм, абы щеджэхэмрэ а еджапІэр къззыухахэмрэ ехъуэхъуащ. Мы зэманым университетым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цІыхуи 178-рэ щоджэ.

«Блэкіа лІащІыгъуэм кириубыдэу Урысейм и финанс еджапІэ нэхъыщхьэм гъэугуанэ хьэлэмэт кыззпичащ. Іэнатіэ пыухыкІам и еджапІэ мыину къежьэри, ар щІэныгъэм и унэтІыныгъэ куэд къыщахутэ, щІалэгъуалэм щІэныгъэ куу щрагъэгъуэт Іуэхущ1апІэ хъуащ икІи урысей экономикэм и Іэщ1агъэлІ нэхъыфІ дыдэхэр гъэхъэзырыныжкІэ Іуэхушхуэ зэфІигъэкІащ.

Университетыр къззыухахэр ди къэралым и щІыпІэ куэдым щыІэщ, ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ Іэнатіэ щхьэхуэхэм жэуапІныгъэ зыпылъ къУыкъухэр щалІыгъуу, апхуэдэу финанс Іэнатіэм, къэрал властым и органхэм, щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ хэтхэщ», - къыгъэлъэгуащ КІуэкІуэ Казбек.

Университетым иджыпсту къыпэщытщ, жиІащ КъБР-м и Унафэщім, къэралым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр икІэщІыпІэкІэ щІэгъэзэпсынщІэныи хуэунэтІауэ Урысейм и Президентым къиГъэува Іуэхуэхэр зэфІэгъэкІыным ехьэлІа къалэн мытынщхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм къигъэлъэгъуащ щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ икІи зэманым къигъэув Іуэху мытынщхэм япэлъэщын Іэщ1агъэлІхэр гъэхъэзырыным хуэгъэза хабзэ нэхъыфІхэм тету лажьэурэ вузым и егъэджакІуэхэм ехъулІэныгъэщІэхэр къызэрахьынур уи фІэщ зэрыхъур.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Казбек хэтащ «ІэщІагъэм хуэІэзэ ныбжьыщІэхэр» III щІыналъэ чемпионатыр щызэхуащІыжым

Барбэч Хь. М. и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щызэхуащІыжащ «Іэщ1агъэм хуэІэзэ ныбжьыщІэхэр» III щІыналъэ чемпионатыр. Абы ирихьэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В., КъБР-м къегъэщІылІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Ткачёв Е. А., КъБР-м и Парламентым, КъБР-м и Правительствэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэр.

КОНКУРСЫМ и республикэ Іыхьэм и финалым нэсах эмрэ текІуэхэмрэ КІуэкІуэ Казбек ягу кІигъэкІыжащ «Іэщ1агъэм хуэІэзэ ныбжьыщІэхэр» зэщІэхъеенигъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр, рабочэ Іэщ1агъэхэм яІэ пщІэр къэІэтыным, Іэщ1агъэлІ нэсхэр гъэхъэзырыным хуэгъэзауэ абы зэпымыуэ зегъэужьын зэрыхуейм Урысейм и Президент Путин Владимир гулъытэшхуэ зэрыхуищІыр икІи абы Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам а Іуэхур къыззрыхиГъэщар.

ИкъукІэ гуапэщ, жиІащ республикэм и унафэщІым, а зэщІэхъеенигъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэ къэс нэхъ лъэщу зэрыщІызыщиубГыр. Иджырей щІыналъэ чемпионатыр ирагъэкІуэкІащ нэхъ щІэупщІэ зиІэ Іэщ1агъэу 18 хиубыдэу. Абыхэм ныбжьыщІэхэри, Іэщ1агъэлІ щІалэхэри, куэд щІауэ лажьэ педагогхэри хэтащ.

«Ди щІалэгъуалэм зэфІэкІ, егугъыныгъэ, щІэныгъэ зэрабгъэдэлъырщ республикэм иефІэкІыныгъэ нэхъыщхьэр. Дэ ар къыдГуроГуэ икІи щІалэгъуалэм зегъэужьыным хуэнэтІа проектхэмрэ конкурсхэмрэ нэхъыбэ тщІы зэпыту едгъэкІуэкІынущ. Къапщтэмэ, «Егъэджэныгъэ» пІалъэкъ проектыгъэзэщІэным хиубыдэу къыззрагъэпэщынущ Іэщ1агъэхэм щыхуагъэхьэзыр центр, апхуэдэу иджыпсту зэманым къигъэувхэм езэгъ пІэщапІэ щэ ныкъуэм щІигъу. Республикэм и щІалэгъуалэр къыхудоджэ апхуэдэ Іэмалхэр нэхъ тегушхуауэ икІи жыдэржу къагъэсэбэпыну, я мурадхэмрэ пІлъапІэхэмрэ зрагъэхьулІэну, дыщ1ащхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Хэкум сэбэпынагъ къыхуахьыну», - жиІащ КъБР-м и Унафэщім.

Апхуэдэу адэкІи зрагъэужьынущ, къигъэлъэгъуащ КІуэкІуэ Казбек, сэбэпынагъышхуэ зиІэ проектхэм, «КъэкІуэнум и билет», «Си апэ бизнес», «Сэ сыІэщІагъэлІщ», «Урысейм и цІыху пэрытхэр», «ПьагапІэщІэ» жыхуэтІэжам.

ЩІыналъэм и унафэщІым фІыщІэ псалъэхэмкІэ захуигъэзащ чемпионатыр къызззыгъэпэщахэм, экспертхэм, зэпеуэм хэтахэм я гъэсакІуэхэм. Мы конкурсым къыщахьа ехъулІэныгъэ инхэр зи фІыщІэ нэхъыщхьэр ахэрщ.

ЩІыналъэ чемпионатыр щызэхуащІыжым жаІащ зи Іэщ1агъэм хуэІэзэ я 45-нэ дунейпсо зэпеуэр 2019 гъэм Къэзан щызэрыкІынур.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Литературэмрэ гъуэзджэмкІэ и къэрал саугъэтхэмкІэ щыІэ советым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Литературэмрэ гъуэзджэмкІэ и къэрал саугъэтхэмкІэ щыІэ советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Литературэмрэ гъуэзджэмкІэ и къэрал саугъэтым и Іуэхукіэ» 2015 гъэм щІышылэм и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №10-УГ-мкІэ кьищтам, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хагъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Бырдзн М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэр *(Советым и тхьэмадэщ)*

Беппаев М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тхакіуэхэм я союзым и Правленэм и тхьэмадэр *(эгъурыІуэу)*

Къунышъ В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрыр

Рахаев А. И. - «Кавказ Ищхъэрэм ГъуэзджэхэмкІэ и къэрал институт» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ бюджет Іуэхущ1апІэм и ректорыр *(эгъурыІуэу)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр;

б) **Дзэмыхь Къ. ФІ.** и къулыкъум зэреджэр мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академиемк и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» федеральнэ щІэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щІэныгъэ Іуэхущ1апІэм и къудамэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и унафэщІщ *(эгъурыІуэу)*»;

в) Советым кьыхэгъэкІыжын **Емуз Н. Гъ., Къэзанш Л. Б., Кхъуэлуфэ Хь. Хь., Темыркъан Б. Хь., Тутыкъу А. М., Уянаевэ А. М.** сымэ.

2. Мы Указым кьару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м
№205-УГ

Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур цІыхухэм я лъэІухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ хоплъэ

Блэкіа мазэм и иужьрей махуэм Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур «Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ Медведев Д. А. и жылагъуэ екІуэлІапІэу Налшык къалэм дэтым щахуэзащ зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлІахэм. Цыхухэр нэхъыбэу кьызытекІухьар я псэупІэхэр егъэфІэкІуэныщ, узыншагъэр хьумэныжкІэ Іуэхущ1апІэхэм я Іуэхутхьэбзэхэр и чэзум зэрамыгъуэтырщ, лэжьапІэ зэрамыІэрщ, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым арэзы къызэриримыщІырщ.

КЪАПЩТЭМЭ, Звездно посёлкэм дэс, пенсэм щыІэ Беланич Владислав депутатым къыхуэтхъэусыхащ электрокъарур и уасэр къызэрыхуагъэувым, апхуэдэу зыщІэс унэр капитальнэу зэгъэпэщылъым тракъэкІуэдэну ахъшэр къызэрыхахьи мытэмэмагъэр зэрыхэлъым теухуауэ. Налшык щыщ Бакъ Галинэ депутатым елъэІуащ и пенсэр щІэрыщІэу къыхуабжыжьыныжкІэ дэІэпыкъуну. Апхуэдэу икъукІэ зэпІэщІэкІын хуей Іуэхуэхэри къыхэкІащ. Онкологие узыфэ зыпкърыт цІыхубзыр операцэ ящ1ын папщІэ икІэщІыпІэкІэ Москва ягъэкІуэну депутатыр гурыІуащ КЪБР-м Узыншагъэр хьумэныжкІэ и министерствэм.

Цыхухэм яІущІа нэужь Геккиев Заур хуэзащ «Лъагапіэщіэ» республикэ конкурсым щыткІэкІэ Мурзахановэ Надеждэ. Ахэр тепсэлъыхьащ хъыджэбзыр законкэр гъэхьэзырыным теухуауэ Къэрал Думэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм хэтын папщІэ зэфІэгъэкІыпхьэхэм.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

Бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ

Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщ1ызыгъэпсэхуну къакІуэхэм я бжыгъэм къыхэхъуэ зэпытщ.

ІУАЩ1ХЬЭМАХУЭ и лыжэ къежэхыпІэхэм я закъуэ мы гъэм дызэрытехьэрэ цІыхуу къекІуэлІам я бжыгъэр нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм елытауэ процент 20-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ и хьэщІэщ нэхъыфІхэм зэуэ цІыху мин 15 щІохуэ. Мы щІымахуэр ди щІыналъэм уэсыншэу щекІуэкІами, Іуащхьэмахуэ лъапэ телъын хуей уэсыр щесащ. 2030 гъэм ирихьэлІэу ди деж зыщ1ызыгъэпсэхуну къакІуэм я бжыгъэр 1 мелуаным нэсыну мэгугъэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Гъатхэпэм и 5, *гъубж*

♦Къыгъэзыстаным и хеящІэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Азербайджан Республикэм щагъэлъапІэ физкультурэмрэ спортымрэ я махуэр

♦1711 гъэм Пётр Езанэм и унафэкІэ Сенатыр - хабзэубзыху, къэрал Іуэхуэхэр зэкІэлъызыгъакІуэ орган нэхъыщхьэр - къызэрагъэпэщауэ щытащ.

♦1953 гъэм Сталин (Джугашвили) Иосиф дунейм ехьажащ.

♦1970 гъэм Ядернэ Іэщ1ам зэмыгъэубГуным теухуа зэгурыІуэныгъэм къару игъэтащ. А зэгурыІуэныгъэм Іэ тридзащ дунейм и къэрал щхьэхуит псоми, Израилым, Индием, Пакистанымрэ КНДР-мрэ нэмыщІ.

♦Адыгэхэм я псэуКІэм, зэхэтыкІэм куэдрэ тетхьыхьа тхыдэдж, жылагъуэ лэжьакІуэ **Фелицын Евгений** къызэралъхурэ илъэси 171-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и къэрал лэжьакІуэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта, Къэрэшей-Шэрджэс автономнэ округым и Адыгэ-Хьэбзэ щІыналъэм и унафэщІу лэжьа **Къардэн Іэдэм** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэу щыта, Урысейм и цІыхубз артистко **Миансаровэ Тамарэ** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Футболисту щыта, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Маслаченкэ Владимир** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Полковник, жылагъуэ лэжьакІуэ, Израилым щыІэ Рихьэние кІуачэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Гъыш Самир** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ЩІДАА-м и академик **Бэвыжь Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ кинормрэ я актрисэ, Урысейм и цІыхубз артистэ **Яковлевэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 11, жэщым градус 1 - 2 щыхьэнущ.

Гъатхэпэм и 6, *бзаржьей*

♦Дзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ

♦Глаукомэ нэ узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Австралием Лэжьыгъэм и махуэр щагъэлъапІэ

♦1722 гъэм Пётр Езанэм Урысей къэралыгъэм члисхэр щыухуэным, ахэр зыхуэй-зыхуэныкъуэхэр къаззэгъэпэщыным трагъэкІуэдэн папщІэ ахъшэ зыкІыхахыу мыдэным теухуа унафэм Іэ щІидзащ.

♦1899 гъэм Германием щыщ химик Хоффман Фреликс аспирин хущ1ъуэр зэрызэхилъхьам щыхьэт техъуэ патент къратащ. Нобэми цІыхум нэхъыбэ дыдэрэ къигъэсэбэп хущ1ъуэхэм ящыщщ ар.

♦1902 гъэм «Реал» (Мадрид) футбол клубыр къызэрагъэпэщащ. Испанием и мызакъуэу, дуней псом щынэхъ цІэрыІуэ дыдэ командэхэм ящыщщ ар.

♦1925 гъэм «Пионерская правда» газетым и япэ номерыр къыдэкІащ.

♦Узбекистаным и цІыхубз усакІуэ, драматург **Ниязи Хамза Хакимзаде** къызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу.

♦Авиацэм и маршал, Совет Союзым щэнёрэ и Лыхъужь **Покрышкин Александр** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Абхъаз тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Искандер Фазиль** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ-сатирик, Украинэмрэ УФ-мрэ я цІыхубз артист **Жванецкий Михаил** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Дунейм щыяпэ цІыхубз-космонавт, Совет Союзым и Лыхъужь **Терешковэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артистко **Булановэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

♦США-м щыщ баскетболист цІэрыІуэ, дунейми Олимп Джэгуэми я чемпион, НБА-м плІэнейра и чемпион **О'Нил Шакил Рашоун** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

♦КъШР-м щыхь зиІэ и журналист, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкІ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Езауэ Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 16, жэщым градуси 4 - 6 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гукъеуэншэ пшэрыгъуафІэщ.

Баун Светланэ Михаил и пхъур Май суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкІуж судыщІэм и къулыкъум гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Іыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. Баун Светланэ Михаил и пхъур Май суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкІуж судыщІэм и къулыкъум илъэсипщІ пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм мазаем и 28-м
№1018-П-П

Мэремыкъуэ Арсен Іэмин и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и къалэнхэр и пІалъэр къэмысу щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и япэ Іыхьэм и 6-нэ пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. Мэремыкъуэ Арсен Іэмин и къуэм, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм къыбГэздэкІыу республикэ хэхыпІэ округ зэгуэтым щыхахам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и къалэнхэр и пІалъэр къэмысу, 2019 гъэм мазаем и 7-м къыщыщІэдзауэ, щхьэщыхьын, ар дунейм зэрехьжам къыхэкІыу.

2. Мы Унафэм кьару егъэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм мазаем и 28-м
№1019-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм хэтхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 17-нэ, 22-нэ статьяхэм япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Ерчэн Джамбулат Хъусен и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым РегламентымкІэ, депутат щэнхабзэмрэ Парламентым и лэжьыгъэ зэгъэуІунымкІэ и комитетымрэ хэгъэхьэн.

2. Мы Унафэм кьару егъэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм мазаем и 28-м
№1020-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и къэзыбж комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и къэзыбж комиссэм хэгъэхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Тхьэгъэлэдж Тимур Лалушэ и къуэр, а комиссэм и унафэщІу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и къалэнхэр и пІалъэр къэмысу зыщхьэщыхьа Мэремыкъуэ Арсен Іэмин и къуэм и пІэкІэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и къэзыбж комиссэм и унафэщІу хэхын Тхьэгъэлэдж Тимур Лалушэ и къуэр.

3. Мы Унафэм кьару егъэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм мазаем и 28-м
№1021-П-П

● Ди къуэш республикэхэм

«Архъыз»-р зыфІэфІхэм къахохъуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и «Архъыз» зыгъэпсэхупІэр къыщызэІуаха 2013 гъэм щегъэжьауэ абы къакІуэхэм я бжыгъэм къыхэхъуэ зэпытщ. Ящэ махуэм къыщыщІэдзауэ нобэ къасхуу скипасс жыхуаІэм уэздэу (лыжэ станцым и щІыпІэм удыхьэну, узыхуейм хуэдизрэ удэкІуеину-укъехьжыну Іэмал къозытщ) мелуан ящащ.**

«КАВКАЗ Ищхъэрэм и курортхэр» компанием и генеральнэ унафэщІ ТІымыжь Хьэсэн зэрыжиІамкІэ, илъэс кІуам курортым щыІащ цІыху мин 290-рэ. 2019 гъэм мазаем и 1-м ехъулІэу цІыху мини 100 абы щыІагъэххэщ, нэхъапэм апхуэдэ бжыгъэм щынэсыр мазаем и кІэрт.

Сом мелардиплІ и уасэ

АДЫГЕЙ. **Республикэм и «Адыгейская ГЭС» АО-мрэ RIM group щэщэн холдингымрэ Адыгеймк щауХуэну я мурадщ МВт 80 лъэщагъ зиІэ гидроэлектростанц.**

ГЭС-м и генеральнэ унафэщІ Осмоловский Игорь зэрыжиІамкІэ, ухуэныгъэм теухуа зэгурыІуэныгъэм лъэныкъуитІым Іэ щІидзащ мы гъэм и мазаем. «А проектым текІуэдэнущ сом мелардиплІ. Ухуэныгъэр етІанэгъэ щІэддзэнущ икІи 2021 гъэм и кІэм духыну ди гуГэщ. А проектыр пхыдГэкІмэ, республикэм энергиемкІэ щыІэ гуГуехьэхэр щыкІэ нэхъ мащІэ хъунущ», - жиІащ унафэщІым.

Осмоловский Игорь зэрыжиІащи, ГЭС-р щауХуэнущ Псыжь псыхъэм, Краснодар псыхъумапІэм и гидроухуэныгъэхэм хэту. Къагъэсэбэпыну гидротурбинэхэр Австриемрэ къыщыщІагъэкІахэрщ. Ахэр щызэпкъралъхьэнущ Шэшэн Республикэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм лэжьапIэ увынымкIэ ядэIэпыкъуныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм мазаем и 20-м Налшык къалэ №20-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щII**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм лэжьапIэ увынымкIэ ядэIэпыкъуныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м къыдигъэкIа унафэ №191-ПП-мкIэ къыщIатам, халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу къащIтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий

Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм гъавэ къэкIыгъэхэр зехьэнымкIэ субсидиехэр зэрырат Хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм мазаем и 27-м Налшык къалэ №21-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щII**:

Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм гъавэ къэкIыгъэхэр зехьэнымкIэ субсидиехэр зэрырат Хабзэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м къыдигъэкIа унафэ №216-ПП-мкIэ къыщIатам, халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэщIтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м къыдигъэкIа унафэ №198-ПП-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм мазаем и 28-м Налшык къалэ №24-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щII**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщ къулыкъущIапIэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м къыдигъэкIа унафэ №198-ПП-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы и пункт 2-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын:

«2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я къулыкъущIапIэм щылажьэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ дыдэу цIыху 204-рэ (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я лэжьыгъэр зэхъуэзыгъэпэщ къулыкъущIапIэм и унафэщIри яхэту), абыхэм я къулыкъуэм ятещIыхьауэ ират лэжьапщIэмкIэ мазэ фондыр сом мин 1275,44-рэ хъуурэ гъэувын, абыхэм ящыфыдэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэу 168-рэ, я къулыкъуэм ябгъ иткIэ ират лэжьапщIэмкIэ мазэ фондыр сом мин 947,44-рэ хъуурэ;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакIуэхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Iэнатlэм химыуфыдэ къулыкъуэхэр зыIыгъэхэм лэжьапщIэ зэрратым и Iуэхукlэ» 2007 гъэм шыщхьэуIум и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкIа Указ №55-УП-м тету лэжьапщIэ зрат лэжьакIуэу 12, я къулыкъухэмкIэ ират улахуэзэм я мазэ фондыр сом мин 51,60-рэ хъуурэ;

лэжьапщIэ тынымкIэ нэгъуэщI системэхэм ябгъ иткIэ улахуэ зрат нэгъуэщI лэжьакIуэу 23-рэ, я къулыкъухэмкIэ ират улахуэхэм я мазэ фондыр сом мин 259,44-рэ хъуурэ.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий

Сабийуэ тху е нэхъыбэ зыпI унагъуэшхуэхэм я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ зэуэ ират социальнэ дэIэпыкъуныгъэр зэрыхухах Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм мазаем и 28-м Налшык къалэ №25-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щII**:

Сабийуэ тху е нэхъыбэ зыпI унагъуэшхуэхэм я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ зэуэ ират социальнэ дэIэпыкъуныгъэр зэрыхухах Хабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м къыдигъэкIа унафэ №175-ПП-мкIэ къыщIатам, хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий

● Юбилей

ЛIэщIыгъуэ хъуауэ

КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ щыIэ министерствэм щекIуэкIащ Урысей МВД-м и эксперт-криминалист центрыр (ЭКЦ) къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа махуэшхуэ зэIущIэ.

РЕСПУБЛИКЭМ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, полицэм и полковник Мамхэгъ Назир жиIащ щIэпхъаджагъэ хьэльэхэр, хьэльэ дыдэхэр сэтей къэщIыным теухуауэ экспертхэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIахыр.

- Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я экспертхэм сыт щыгъуи къагъэлъагъуэ я лэжьыгъэм мыхьэнэ зэриIэр, я IэщIагъэм зэрыхуэIэижьыр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ МВД-м и унафэщIхэм къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэ, зэIуэзэпэщыгъэ фэри фи Iыхьлыхэми фIэну! - жиIащ Мамхэгъ Назир.

КъБР-м щыIэ МВД-м и ЭКЦ-м и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Дзэлэ Мухьадин тепсэлъыхьащ я Iэнатlэм и тхыдэм, къыхигъащащ эксперт къудамэхэр зэфIэувэным, заужьным ветеранхэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрырхуащIар.

ЛIэщIыгъуэ гъуэгуанэр зыгъэлъапIэхэм ехъуэхъуапщ УФ-м и СК-м и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм криминалистикэмкIэ и къудамэм и унафэщI, юстициэм и полковник Лъэпщ Анзор.

Эксперт-криминалист Iэнатlэхэм я лэжьакIуэ пажэхэм ираташ ЩIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущапlэ.

Дыгулыбгъуей дэсхэм хэкIуэдахэр ящыгъупщэркъым

Бахъсэн къалэ округым хиубыдэ Дыгулыбгъуей жылагъуэм дэсхэм пщIэшхуэ хуащI зауэм хэкIуэдахэм я лIыхъужьыгъэм икIи абыхэм я кхъащхьэхэр зыхуей хуэзэу зэрахьэ. Апхуэдэу мы гъэм зэрагъэпэщыжащ икIи зыхуей хуагъэзащ Мамхэгъ К. Хь. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №27-р здэщыIэ щIыпIэм деж щыщIалъхьауэ щыта лIыхъужьхэм я кхъащхьэр.

АБы нэхъыфIу хэлэжьыхьа къуажэдэсхэм - Быж Мухьэмэд, Зеуща Алим, Абаэз Артур, Уэзрокъуэ Мулэед, Тхьэгъэпсо Мурид, Бжыкlший Арсен, Бахъсэн Азидэ, Къардэн Алим, Щоджэн Роман, Хьэпащlэ Руслан, Бэлагъы Iэдэм, КIэрашэ Къэралбий, Къаныкъуэ Маритэ, Ахъий Сергей, Лъэпщ Асльэн, Къуэдзокъуэ Лолэ сымэ иджыблагъэ кратащ къалэ округым и щIыхь тхылъхэр. Абы теухуа зэхьыхьэ щыщыщыпсалъэм къалэм и администрацэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим къыхигъэщащ гудзакъэ зыхэлъ къалэдэсхэм фIыщIэ ин псоми зэрыхуащIыр.

БАЛЪКЪЫЗ Iэминэ.

● Дэ къытхуатх

Ди анэм тхухиша лъагъуэ нэху

Цlыху къэс зы хъуэпсапIэ гуэр иIэщ. Сэри сызэрыцIыкIуэрэ щэхуу сыщIэхъуэпсырт егъэджакIуэ IэщIагъэм срилэжьэну. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ къыщIэкIынт си анэ Щокъул Феня егъэджакIуэу къуажэ школым зэрыщылажьэр. Щапхъэ схуэхъуауэ, абы и дерс дахэхэм сыкIэлъыплъу сыщIэсу щытащ сыдихьэхыу. Ар езыр цlыху Iущт, гу щабэт, еджакIуэхэм щабэу сыт щыгъуи епсалъэрт, зэи и макъ дришеяуэ зэхэсхауэ сщIэжыркъым.

БОЛЪТЭЙ къужажэм дэт курыт еджапIэр къэзухри, си анэр си щапхъэу, Налшык дэт педагогикэ училищэм сыщIэтIысхьащ. Абы егъэджакIуэ IэщIагъэр щызэзгъэгъуэта неужь, си щIэныгъэм щызэзгъэхъуащ КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм икIи Тэрч къалэ дэт етIуанэ курыт еджапIэм пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу лэжьэн щыщIэздзащ. Илъэс дэкIа нэужь адыгэбзэмрэ литературэмрэ езгъэджын щIэздзащ. Нобэр къыздэсым а еджапIэм сыщолажьэ.

Сабийм егъэджакIуэм и плъэкIэр, и псэлъэкIэр, и зыщIыкIэр, уеблэмэ щыгъа щыгъын нэгъунэ и нэгум къыщIонэ. Зы егъэджакIуи щыIэу къыщIэкIынкъым япэу и Iэмыщ1э къихьа сабийхэр гукъинэж щымыхъуу, ауэ насыпышхуэр езы ныбжьыщIэхэм ягу уилъынырщ. Ар хуэзфIэкIырт си анэм - и гъэсэнхэмрэ езымрэ сытым дежи гу кьабзэкIэ зэбгъэдэту щытащ.

«Бзур зыIэтыр и дамэрщи, цlыхур зыIэтыр и лжьыгъэрщ», - жиIащ пасэрейм. А псалъэжьым сытету солажьэ. НыбжьыщIэхэр зэрезгъэджэм нэмыщI, ныбжьэгъуу сахущытыну сыхэтщ. Анэдзлъхубзэр сабийхэм ебгъэджыным къалэныщхуэ пыщIащ. Бзэмрэ литературэмрэ я гъуэсу сабийхэм я лъэпкъ хабзэхэри идогъэдж, я адэжьхэм я гурылъхэмрэ я гупсысэкIэмрэ щыгъуазэ дощI. Сабийхэм я нэхъыжьхэр, я адэ-анэхэр абыкIэ щIэгъэкъуэн къэпщIу щытмэ, ехъулIэныгъэфI уиIэнущ.

Си гъэсэнхэм бзэр яфIэфIу къохъу, уеблэмэ усэ цlыкlу зэхэзылъхьи яхэтщ. Ахэр жыджэру хэтщ ди районым, республикэм щекIуэкI зэпеуэхэм. Апхуэдэхэщ, «СИГМА» еджэныгъэхэр, тхылъеджэхэм я зэпеуэхэр, «Черкесский мир», нэгъуэщI джэгу-зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Утыку къохьэ, я зэфIэкIыр ягъэлъагъуэ.

Анэдзлъхубзэм и махуэр ди еджапIэм иджыблагъэ щыдгъэлъэпIащ. Абы кьедгъэблагъащ Джылахьстэней Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Акъсор Хьэлым. Еджакlуэ цlыкlуэхэр усэ къеджащ, уэрэд жаIащ, «Хьерлы зыгъэпIейтейр» пьесэм щыщ теплъэгъуэ цlыкlуи дагъэлъэгъуащ. Цlыкlуэхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIыр гурыхь ящыхьащ махуэшхуэ зэхьхьэм къырихьэлIахэм.

Пьагъуэ дахэ щытхухишат ди анэм мы гъащIэм. Абы и лъэужьым ирикIуащ си шыпхъу нэхъыжь Щокъул-Бжьыней Марини. Ар пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэщ.

Дэ дыхущIокъу ди сабийхэм бзэр фIыуэ ялъагъуу, адыгэ хабзэр яхъумэу, хьэл-щэныфIэу дунейм тетыну. А мурадыр къыдэхъулIэн папщIэ тхузэфIэкI псори тщIэну дыхэтщ зэшыпхъуитIыр. Бзэм и дахагъэр сабийхэм ябгъэдэлпъхьэфын папщIэ уэ езым ар пхуэгъэшэрыуэу щытын хуейщ. Ар фIыуэ къыдгуроIуэ дэ. Ди анэм хуэзэгъэлъхьа си усэ цlыкlум щыгъуазэ яхуэсщIыну сыхуейщ ди газетджэхэр:

МАМЭ

Мэхъу пщыхьэщхьэ, жэщри хокIуатэ,
Уэ, итIани, мамэ, ешумыщIэ.
Дэ ди шхыIэн кIапэхэр щIэбупщIэу,
Щэху зыпщIауэ пэшым къыщокIухьыр.
Ауэ сэ сыжейркъым, сыпкIэлъэплъыр,
Уи псэу еш зымыщIэм содэхащIэ.
Сыхуейщ гукIэ, мамэ, сэ уэ узгъэфIэну
Гуапэу, щабэу си Iэхэр птызолъхьэ.
Мамэ, ди къуршыжьхэм хуэдэу уэ удахэщ.
Мамэ, дыгъэ бзийхэм хуэдэу уэ ухуабэщ,
Си щхьэр ислъхьэмэ уэ уи кущI щабэм,
Гуныкъуэгъуэу сиIэр сэ сщхьэщокI.
Сыхуейщ дэ куэдрэ уэ утхуэпсэну.

ЩОКЪУЛ - МЭШЫЛI ФатIимэ,
Тэрч къалэм дэт курыт №2-м и егъэджакIуэ.
Джылахьстэней щIыналъэ

● Зэпеуэ

Лъэхъэнэ гугъум и фэеплъ

«Фэеплъ-75» фIэщыгъэм щIэту Троицкэ Ингуш къуажэм щекIуэкIащ шахматымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ.

КАВКАЗ ИЩХЪЭРЭ щIыналъэм и республикэ псоми я лIыкIуэ зыхэта Iуэхум гуп нэхъыфIу 12-м я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ. Ингуш лъэпкъыр я лъахэм зэрырашрэ илъэс 75-рэ зэрырикъум теуха зэпеуэр удихьэхыу екIуэкIащ. Гупхэм къагъэлъэгъуащ шахмат джэгукIэм ехьэлIа Iэмалыщ1э куэд. Зэпеуэм ялэ увыпIэр Ставрополь икIа гупым, 2-нэ, 3-нэ увыпIэхэр Налшыкрэ Дагъыстэнымрэ я шахматистхэм ябыдащ.

Ди республикэм щыщу зэпеуэм хэтащ Темыркъан Давид, Къэрэмэ Мажмудин, Козак Александр, Глашев Юсуп сымэ. Псом хэрэзыдэу фIыщIэ хуэфащIэу бжыпэр зыубыда Ставрополь и командэм и шахматист нэхъ Iэзэ дыдэ Габриелян Артур джэгугъуэр къыфIэзыхьа Козак Александр.

ШЭКЭМ Виктор.

● Прокуратурэ

КIейхэр, кIарцхэр...

Налшык къалэм и транспорт прокурор Жэмыхъуэ Руслан хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, а Iуэхущапlэм Прохладнэ къалэм щыпсэур егъэкъуанщэ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 260-нэ статьям и япэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ илэжьауэ (хабзэншагъэкIэ жыг куэд къиупщIыкIын).

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ зэрыжаIэмкIэ, цlыхухъу М. гъущI гъэгум и «Прохладнэ - Приближнэ» къэувыIэпIэм и гуныпэгъуу хабзэншагъэкIэ къыщыриупщIыкIащ кIей жыгитхурэ кIарц хужь лъэпкъым щыщ жыгиплIрэ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ абы къэралым хэщIыныгъэу иритащ сом мин 16-рэ 631-рэ и уасэ.

Iуэхур зэрызэхагъэкIым кIэлъоплъ Налшык и транспорт прокуратурэр.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

● Гъуэгущlэхэр

Дызэрыт илъэсым хьэзыр хъунущ

Псыхуабэ къалэмрэ Тамбукъан хыжьеймрэ къапэзыкIухь Р-217 «Кавказ» федеральнэ гъуэгущIэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр мы зэманым щIэгъэхуэбжьауэ йокIуэкI. Ухуакlуэхэм я мурадщ автомобиль зекIуапIэщIэр 2019 гъэм и кIэухым хуэзэу хьэзыр ящIыну.

ФЕДЕРАЛЬНЭ гъуэгу Iуэхущапlэм (Росавтодор) и нэIэ зытригъэт зекIуапIэщIэм хьхьэу, Зольская - Дзэлыкъуэкъуажэ щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгум щхьэщызыш ухуэныгъэ иныр и кIэм нагъэблэгъащ. Абы и фIыгъэкIэ, а щIыпIэм транспортыр къатхьаткIэрэ щызэщхьэщыкIыфынущ.

Прогресс посёлкэм деж щаукъуэдияцI абдежым блэкI гъэгум иджыпсту зэлэжьым пызыщIэну Iыхьэр. Мы лъэхъэнэм ар процент 50-кIэ хьэзырщ.

Дызэрыт илъэсым кьриубыдэу, гъуэгууэхэм къапэщылъщ зекIуапIэщIэм щыщу иджыри километри 8-м нэблагъэ пхырашыну, Дзэлыкъуэ, Дзэлыкъуэ Псыцlэ псыхэм лъэмыжьыщIэкIэ тралъхьэну. Автомобилхэмрэ ахэр зезыхуэхэмрэ шынагъуэншагъэр къахуэзгъэпэщыным хуэунэтIауэ, гъуэгум ибгъуэгр гъущIым къыхэщIыкIа Iуащ1апIэхэмкIэ ягъэбыдэ, лъэмыжхэмрэ гъуэгу зэхэгъэкIыпIэхэмрэ я Iэшэлъашэр электроуэздыгъэхэмкIэ къызэрагъэпэщ.

БОЖКОВ Александр.

● Налшык

Пасэу щIадзэ

Налшык и теплъэр егъэфIэкIуэным теухуа гъатхэ лэжьыгъэхэм мы гъэм нэхъ пасэу щIадзащ.

КОММУНАЛЬНЭ Iэнатlэхэм я цlыхухэр иджыпсту щолажьэ гъущI гъэзгу вокзалым и Iэгъуэблагъэмрэ Осетинскэ Суворовым и цIэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэм къыщыщIэдзауэ автовокзал №2-м нэсыху тхьэмпэхэр щызэщIакъуэдащ. Удз гъэгъа хэсапIэхэм къинауэ ит нэгъабэрей удз гъуэлахэр кърачыжри, щIыр гъатхэ удз хэсэгъуэм хуагъэхьэзыращ. Мы махуэхэм жыгхэр яухъуэнщI, къулыкъущIапIэхэм, сымаджэщхэм я пщIантIэхэр зыхуей хуагъаазэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Сабийхэм зыщаплъыхьын яIэщ

Налшык и «Горнэ» дэшхуей хадэм и утитIми сыт щыгъуи цlыхур щопэкIу. Дэшхуейхэмрэ псейхэмрэ къапих жьы къабзэм псом хэтын яфIэфIщ сабий зи гъусэ адэ-анэхэм.

ЛЪЭС зекIуапIэхэм я зыхэзым ибгъукIэ хъыринэ ещIапIэ закъуэ щагъэзуваауэ щыту араща, дунейр щыхуабэм и деж ар къыплъысыным ущыпэплъэ къохъу. Мы махуэхэм а парк цlыкlум щаутIыпщащ мафIэгу дахащэ. Жьыжьэу ущытми, гу лъымытэнкIэ Iэмал имыIэу вагон цlыкlуэр щхъуэжьIэплъыкIэу лащ икIи абы хуиту итIысхьэ мэхъу сабийхэм я анэхэри ящIыгъуу. МафIэгум утыр хуэрейуэ къызэхекIуьри, лъэс лъагъуэхэм я кIыхьагъкIэ ирокIуэ.

Мы махуэ дыгъэпсхэм дэшхуей лъабжьэхэм ящыщ зым щыфIъагъунущ пони шы гъуэлIу цlыкlури. Абыи сабийхэр гъунэгъуу бгъэдашэри ирагъэплъ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и ягъэ номерыр къызэрыдэкIрэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Зи гъащIэр IуэхуфIхэмкIэ гъэнщIауэ щыта Хьэмгъуокъу Хьэсит

Къэзыцыхуэхэм пщIэ къыхуащIу дунейм тетащ Кэнжэ къуажэм щалъхуа Хьэмгъуокъу Хьэсит.

АБЫ ЛЭЖЬЭН щIидзащ 1936 гъэм. Абы щыгъуэ езыри еджэрт, колхозхэтхэм щIэныгъэ яригъэгъуэту ликбезми хэтт. 1939 гъэм ар ирагъэблагъэ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым и редакцэм. Хьэсит щытащ корреспонденту, къудамэм и унафэщIу. Абы зыкъыгъэлъэгъуащ журналист жыджэру, зи IэнатIэм еш имыщIэу пэрыт лэжьакIуэу.

Хьэсит журналист Iащагъэр фIыуэ илъагъурт икIи абы ирилэжьэну хуейт, ауэ а зэманым республикэм и жылагъуэхэм къыщызэIуах школхэм егъэджакIуэхэр яхурикъуртэкъыми, ар Вольнэ Аул дэт школым егъэджакIуэу ягъакIуэ. Апхуэдэу щыт пэтми, абы газетым хуиIэ пыщIэныгъэр зэпигъэуэракым. Ар гуапэу ятетхыхьырт егъэджакIуэ нэхъыфIхэм, колхозхэт пашэхэм.

Школым щылажьэми, редакцэм игъэзэжьи мурадыр иIэт Хьэсит, ауэ а хъуэпсапIэр Хэку зауэшхуэм къызэпиудащ. Хьэмгъуокъур 1942 гъэм дзэм ираджащ икIи ар яхыхьащ Хэкур зыхъумэжэм. А лъэхъэнэм Хьэсит партым хагъэхьэ. Ягъэр ар зауэм щыIухьар Сталинград дежщ. А зэхэуэ иным щыщIидзэри, Германием и щIыналъэм нэскIуащ. АдыгэлI хахуэм зэрихьа лIыгъэхэм папщIэ къыхуагъэфащащ Хэкум и дамыгъэ лъапIэ зэмылIэужьыгъуэу 13.

ЛжьышгъэфI куэдкIэ гъэнщIауэ щытащ зауэ нэужь илъэсхэм. 1946 гъэм къыщыщIидзауэ пенсэм кIуэху ар егъэджакIуэу щытащ. Абы щыщу илъэс 15-кIэ завучу, 8-кIэ пщыхьэщхьэ школым и директору лэжьащ.

Газетым хуиIэ пыщIэныгъэри зэи зэпыуакъым, илъэс куэдкIэ щытащ штатым хэмыт корреспонденту. Редакцэм и пщэ ирилъхьа Iэху игъэзащIэу ар куэдрэ щыплъагъунут промышленнэ, мэкъумэш Iэхуэщ Iапlэхэм. Итхэри хьарзынэу къехъулIэрти, ахэр газетым кьытехуэрт. Iэхугъуэ куэд къыщыIэтырт Хьэсит и тхыгъэхэм. Ауэ псом хэмыдзэу Хьэмгъуокъур дзэныхэкIэ ди хабзэм, гъэсэныгъэм, еджэныгъэм теухуа Iэхугъуэхэрт. Апхуэдэу щыщытри Хьэсит илъэс 40-м щIигъэкIэ школым зэрылэжьаразэ къыщIэкIынт.

- Сэ срогушхуэ, - жиIэрт Хьэмгъуокъум, - езгъэджажэм щIэныгъэлIхэр, къулыкъущIэхэр, IэщагъэлIхэр, лжьакIуэ пашэхэр къаззрыхэкIам.

Хьэсит езым и гъэсэнхэм щытепсэльыхькIэ еш ищIэртэкъым. Абы и напщIэ телът иригъэджа и къуажэгъуэгу Тау Пщыкъан, Бекъул Мухьэмэд, ЖьэкIэмыхьэхъуэ Мусэбий, Хьэжмудин, Хьэсэн, Унэжокъуэ Борис, Тау Борис, Мамий Башир сымэ, нэгъуэщIхэри здынэса лъагапIэхэр.

Жылагъуэ лэжьыгъэм пымыщIауэ уи нэгу кьыпхущIэгъэхьэртэкъым Хьэмгъуокъум и гъащIэр. Ар 1958 гъэм кьыщыщIидзауэ Кэнжэ къуажэ Советым и депутату щытащ, абы щIалэгъуалэм ядэлэжьэнымкIэ и комиссэм хэтащ, еджакIуэхэм, къуажэдэс щIалэгъуалэм куэдрэ яIущIэрт, я ущиякIуэдIг.

Хьэмгъуокъу Хьэсит цIыхухэр зэхъуапсэ унагъуэкIи Тхьэр къыхуэупсат - и щхьэгъусэ Къалэгъащи къуажэм пщIэ щызыIа цIыхубзщ. Я бынихми я адэ-анэр ягъэукIытакъым, абыхэм я щапхъэ дахэм иракIуащ.

ЛIЫХЪУГУ Динэ.

Газетыр илъэс 50 щрикъу махуэр ягъэлъапIэ.

Цыху телъыджэ куэд щылэжьащ ди газетым, хэкум, лъэпкъым зэрахущытыр зэхэгъэкIыгъуэ ткIийхэм къыщагъэлъэгъуауэ. Абыхэм ящыщ зыт Куэт Цоцэ. Ар зауэм и пэ, и ужь лъэхъэнэхэм илъэс 20-м щIигъукIэ газетым щылэжьащ икIи фIыуэ ищIэжырт а зэманым зыдэлэжьахэр, газетыр кьыдэгъэкIыным пыщIауэ щыта гугъуехьхэр.

Куэт Цоци и гуащIэ еблэжакъым

ТХЫДЭМ кьыззрыхэщыжымкIэ, 1942 гъэм и шыщхьэIум нэмыщдзэхэр ди щIыналъэм кьихьэри, Дзэлыкъуэ, Прохладнэ районхэр, Бахъсэн районым и нэхъыбапIэр псынщIэ дыдэу яубыдауэ щытащ. Ауэ абыхэм Бахъсэн псым и Iуфэм декIуэкIыу зыщызыгъэбыда советыдзэхэр ткIийуэ япэщIэуваущ икIи мазитым нэблагъэкIэ псым кьызэпрагъэкIакъым. А мазитIми зэпымыууэ ди газетыр Налшык кьыщыдэкIащ. Абы елэжьахэм яхэтт Куэт Цоци.

1942 гъэм жэпэгъуэм и 25-м ирихьэлIэу нэмыщхэм ди кьалащхьэр яубыдащ икIи газетым кьыдэкIын щигъэтащ, адрей Iэхэущ Iапlэхэм я лэжьыгъэр зэрызэпагъэуам хуэдэу.

Нэмыщхэм Налшык ямыубыд щIыкIи, яубыда нэужьи Куэт Цоцэ ди кьалащхьэр зыхъума советыдзэхэм я командованэм и кьалэн щэху кугъэ игъэзэщIащ. Ар IасхэзэщIхэу Бахъсэн псым зыбжанэрэ зэпрыкIащ, Дзэлыкъуэ районми нэсащ. Нэмыщхэм яIыгъ жьыпагъуэ куэдым щыIащ. Абы кьихутэт махуи жэщи мыувыIэу Налшык кьыдэуэ нэмыщэ топхэр здэщыт щIыпIэхэр, зригъащIэрт биидзэм танкыу, сэлэту дапщэ дэнэ щIыпIэ деж щиIыгъми икIи дзэхэм я командованэм жриIэжырт, ардыдэмкIи ди топгъауэхэр нэхъ щэрыуэ ящIырт. Цоцэ я зэманым кьигъэлъэгъуэ хахуагъэм папщIэ, къэралым, цIыхубзм я пащхьэм щиIэ фIыщIхэм кьапэкIуэу дамыгъэ лъапIэхэр кьыхуагъэфащащ: Хэку зауэ орденыр, медаль куэд.

1943 гъэм щIышылэм и 4-м ди дзэхэм Налшык кьалэр хуит кьащIыжащ, Куэтри и лэжьыгъэм пэрыуэжащ. А зэманым и нэгу щIэкIахэм теухуауэ 1994 гъэм Цоцэ кьиIуэтэжахэм щыщщ мыр:

«1942 гъэм жэпэгъуэм и 25 махуэр зэи сщыгъупщэжьыркъым. Нэмыщэ кхъухьлъатэхэр, зы гупым игъэзэжмэ, адрейр кьыщхьащIыкIуэ, Налшык щхьэщытт - пщэдджьжьым сыхьэти 8-м щIадзэри, пщыхьэщхьэ кIыфI пщIондэ бомбэкIэ кьеуащ икIи зэхакъутащ. Псэууэ кьыдэнар унэ зыбжанэт, абдж зыхэлъыж щхьэгъубжэ щIагъуи плъагъуртэкъым. Ди редакцэм и унэ блынхэр кьыхэтенат, ауэ щхьэгъубжэхэр гъуанэпщIанэ хъуат. Нэмыщхэр кьалэм кьыщыдыхьэм, газетым и лэжьакIуэхэм зыдгъэпщкIуащ.

Нэмыщэхэр дахужа нэужь дыкъызэхуэсыжащ икIи ягъэкIуэ кьыдэдгъэкIыу щIэддзэжащ. Ауэ иджы гугъуехьхэр нэхъыбэ хъуат. ЛэжьакIуэ диIэжтэкъым, ди унэр Iисрафт. ЩIалэщIэ зыбжанэ кьедгъэблэгъащ, пэшхэр зэлъыIутхащ, стIол, шэнт зыбжанэ эздгъэпэщащ, щхьэгъубжэ гъуанэхэр картонкIэ, фанеркIэ дгъэбыдащ, ауэ, электрокъару щыIэтэкъыми, мазитI енкIэ фэтыдржэн уэздыгъэкIэ дылэжьащ.

Дэ, редакцэм и лэжьакIуэхэр, икIи дыкорреспондентт, икIи дыкорректорт, кIэщIу жьпIэмэ, Iэнатlэ псори зэдэтхыырт, типографие лжьышгъэхэри хэтыжу. Абы щыгъуэ линотипистэ дыащащ щIалэ хъарзынэт - зыщ Шырыкъуэхэ, адрейр Бэдракъэ яйуэ. Ахэр я Iэщlагъэм хуэIэзэт икIи дагъэтыншырт - къащIыпа гранкхэхэм щыуагъэ хащIыкIырт зэкъым. Ауэ куэд дэмыкIыу щIалитIри фронтым ираджащ, дэ гъэсэну къэтщта лэжьакIуэхэм дакъыхуэнэри, икъукIэ гугъу дехьащ.

Редакцэм сызыщIдзэлажьэхэм ящыщу си гум кьинэжащ редактору щыта Къущхьэ БетIал. Къудамэхэм я унафэщIхэу щытахэу Шыд Ибрэхьим, Бжьэдыгъу Шэмсэдин, Абыдэ Залымхан, Елмэс Iэбу. Ахэр псори фронтым кIуащ, псэууэ къэзыгъэзэжари Елмэсым и закъуэщ.

Мыри си гум ихужыркъым.

Сэ 1945 гъэм накъыгъэм и 8-м сыхьэт 12-м, зэрыхабзэу, редакцэм сыкIуащ кьыкIэлъыкIуэ номерыр кьыдэзыгъэкIынуэхэм сахэту сылэжьэну. ЕтIуанэ махуэм - накъыгъэм и 9-м и пщэдджьжьым номерыр хьэзыр тщIауэ, текIуэныгъэм и хьыбарыр къыгIэрыхьащ, арати, номерыр щIэрыщIэу эздгъэпэщжащ а хьыбар дахэр иту. А махуэм дэ кьыгIэфIэуэхужьыртэкъым жэщ псом ди напIэ эзтедмыльхьэу дызэрылэжьари, гугъу дызэрехьари, дызэрымэжалIэри...

Журналистхэр, типограф лэжьакIуэхэр ирикъуу зэрыдимIэм кьыхэкIыу зауэ нэужьми гугъуехьу екIуэкIащ ди лэжьыгъэр, ауэ а зэманым редактору лэжьа Шомахэу Амырхьан зэрызэхэфIэкIкIэ зыкъыштщIигъакIуэрт, ди лэжьыгъэ хьэлъэр кьыштщигъэпсыщIэну хэтт. Нэхъ тхэфыну гу зылъитахэр абы редакцэм кьиришалIэрт, ахэр игъаэрт, ищщийрт.

А зэманым ди редакцэм машинисткэу щылэжьащ Бэрэгъэн Пагъэ. Ар редакцэм кьакIуэрт и сабитIыр щыIгъуу, жэщ хъуамэ, стIолыщхьэм пIэ щахуищIырти, езыр нэху щыху машинкэм бгъдэсат. КIуэкIуэ Къэрэжан (ари машинисткэт) редакцэм щыщIэкIыр зэззмызэхэт - жэщри махуэри абы щигъакIуэрт.

Нэмыцэхэр Налшык дахужа нэужь редакцэм и лэжьакIуэхэм кьалэн зыщащIыжауэ щытащ и Iэнатlэм кьыдэкIуэу дэтхэнэри кьалэр зэфIэгъэувэжьныш сыхьэт 260-кIэ хэлэжьыхьыну, ари зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм, лжьэгъуэ нэужьхэм. ДрагъэбыдылIауэ щытащ сымаджэщхэр зэгъэпэщыжьын лэжьыгъэм икIи абыкIи тлъэкI кьэдгъэнакъым.

Нэмыцэхэм я танкхэр кьызэгъгъэувыIэн мурадкIэ Прохладнэ щыIыбкIэ губгъуэм щаукъуэдиящ щыта щIытI куухэр зыщIахэм мазищкIэ яхэтащ ди редакцэм и лэжьакIуэхэу Шыхъуэ Махъты, Сасыкъ Быцэ, адрейхэр мазитIкIэ дахэтащ Налшык и кьыдыхьэпIэхэм окопхэр кьыщызыгIахэм.

А псоми кьадэкIуэу, дэ, редакцэм и лэжьакIуэхэм, нэгъуэщI лэжьыгъэшхуи едгъэкIуэкIырт - агитатору дылажьэрт, фронтым кьикI хьыбархэм, газетым кьытедджэ тхыгъэхэм цIыхухэр щыгъуаэз тщIырт, хьэблэхэр, унагъуэхэр кьызэхэткIухьурэ, губгъуэ унэхэм, фермэхэм дыкIуэурэ.

Редакцэм и лэжьакIуэхэми ягъэваущ зауэм, абы иужь илъэсхэм цIыхухэм ятелъа гугъуехь псори - ахэр щыгъыныджэт, ерыскъыр къаймэщIэкI къудей мыхъуу, мышхауэ щылажьи куэдрэ кьэхъурт, дызышылажьэ пэшхэр щIыIэт, псыIэт, кIыфIт, дыщысу мыхъумэ, зыщыдгъэпсэхун, зыщедгъэщIын пэш е кьуэдзапIэ диIэтэкъым. Ауэ а гугъуехьхэр зэгуэр зэрируухынур, ди къэралым зэрызэгужьыжынур хьэхъуэу тпхыкIати, зыри и гуащIэ еблэжьыртэкъым».

ФIэщхъуныгъэкIэ гъэнщIащ мы гукъэкIыжхэр икIи а гугъапIэхэр кьайхъулIауэ, цIыхухэр зэщыгуфIыкIыу псэууэ илъагъуящ Цоцэ. Илъэс куэдкIэ хьэлэлу гъэстым хуэлэжьа цIыхубз щыпкъэр, зауэм лажьы гъэми я ветераныр 1998 гъэм дунейм ехыжащ.

ДЖАТОКЪУЭ Залинэ.

Илъэс щэ ныкъуэм щIигъукIэ лъэпкъым хуэлэжьа Щоджэнцыкlу Нурий

СощIэж, дышыщIыкIым дыдихьэхыу дедаIуэрт нэхъыжьхэм зэпадзыжурэ жаIэ уэрэд нэхъыфIхэм ящыщ гуэрым. Япэрэуэ, абы гумрэ псэмрэ кьыдихьэ макъамэ дахэ щIэлът. ТхьэкIумэ кьудейкIэ мыхъуу, псэкIи дыдэдаIуэ уэрэд нэхъыфIхэм ящыщу къэтлъытэрт. Абы зэреджэр «Сыныпхуокlуэжт», «Мэлыхъуэ уэрэд» жызыIэхэри щыIэт, ауэ абы и псалъэхэри макъамэри зытхар хэтми тщIэртэкъым. Уэрэдыр жызыIэхэмкIи, абы едаIуэхэмкIи нэхъыщхьэр ар цIыхубэм фIыуэ зэраларгъурат, нэхъыбэ дыдэрэ жаIэхэм зэращыщырт.

ЗЫКъЭЗУМЫСЫЖЬНЩИ, а уэрэд щIэрыIуэр зи къалэмыпэм къыщIэкIар Щоджэнцыкlу Нурийуэ зэрыщытыр сэри къыщысщIар 1955 гъэращ. А гъэм къыдэкIат Нурий «Усэхэр» зыфIища и ятэ тхыгъэр. Ауэ сызытепсэльыхьы мы уэрэдыр дунейм къызэрытехьэр абы щыгъуэ илъэс пщыкIуэ хъуакIэт. Зыгуэрым щытхъу щыхуэжаIэнум деж «А зым фIэкIа имыщIами, абы лъэпкъым и фIыщIэ жыг хуэфащэт», жужаIэ хабзэщ. Мис апхуэдэ фIыщIэ жыг зи гугъу сщIа и уэрэд щIэрыIуэмкIи къыпэжьакъэ-тIэ Щоджэнцыкlу Нурий?! А уэрэдыр ГуащIэ хуэхъуауэ къэплъытэ хъунущ илъэс щэ ныкъуэм щIигъукIэ ди лъэпкъ литературэмрэ журналистикэмрэ гурэ псэкIэ хуэлэжьа Щоджэнцыкlу Нурий.

Нурий 1924 гъэм къыщалъхуащ Старэ Крепосткlэ зэджэу щыта Кушмэзыкъуей адыгэ къуажэжьым. Бахъсэн бжьэпэр Алыхьыр зыхуэупсахэм ящыщт: щIэныгъэм, щIэнхабзэм ехьэлIауэ а лъахэ жумартым дызэригъэгъуфIа псом ящхьэщ адыгэ литературэм и набдзэ Щоджэнцыкlу Алий. Нэхъыжьыфlхэм хаша лъагъуэм иракIуащ Нурий. Ари ящыщщ пасэу щэнхабзэм зезыпщытахэм - абы тхэн щIидзащ школым щыщIэса илъэсхэм. Школ нэужьым Нурий педучилищэм щеджащ. Абы и ужькIэ и къуажэм игъэзэжри, егъэджакIуэу зэрыщащ. Хэку зауэшхуэр къэхъеяр нэужь, Щоджэнцыкlу дзэм ираджащ. Ар Орджоникидзе къалэм яшэри, лъэсыдзэхэр щагъэхьэзыр училищэм щIагъэтIысхьэ. МазищкIэ абы щеджа нэужь, сэлэтхэр щхьэж здашэнур яубзыху. А лъэхъэнэм Нурий сымаджэ хьэлъэ мэхъури, уIэгъэшцIи щIагъэгъуалъхъэ. НэхъыфI зэрыхьужу аргуэру дзэм хагъэхьэж, арищхьэкIэ, зауэ Iэнатlэм Iупщэн хуэдэу узынщагъэ ящыщ, адэкIэ унэм зыщыгъэхьуж, итIанэ деплъынщ жаIэри кьаутIыпщыж. Ар зыхуэзэр 1943 гъэм и мэлыжьыхь мазэрат. Зэманыр хьэлъэт, умылажьэу псэуГуейти, и узынщагъэр зэфIэмыувэжьипами, Нурий школым мэувыж - цIыкIуэр зауэ хуэIуэхущIэхэм хуригъаджэу.

Тэкlу нэхъыфI сыхьэжащ щыжиIэм, Щоджэнцыкlур военкоматым йокIуэлIэ. Зауэ Iэнатlэм ягъэкIуэным и пIакIэ, абы кьыжраIэ: «Абы фIэкIа узынщагъэ уимыIэу а уэздэдгъэкIуэнум щыпщIэнум нэхърэ школым щIэсхэр зауэ хуэIуэхущIэхэм хуегъаджи нэхъыфIщ. Ари Iуэху цIыкIукъым»...

Арати, школым егъэзэж. ЩIэныгъэр кьызэремэщIэкIыр ищIэжырти, абы еджэну мурад ещI икIи пединститутым щIотIысхьэ. ЕгъэджакIуэ Iэщlагъэм щыхуагъэхьэзыр илъэситI кьудамэр къеуэри, я нэхъжжэм кьызэрихьэмкIэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ иригъаджэу школым щолажьэ. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, Щоджэнцыкlур 1949 гъэм Налшык кьашэ. Ар япэщIыкIэ щолажьэ радиом, итIанэ - КПСС-м и обкомым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и къудамэм. 1955 гъэм Нурий Москва еджакIуэ ягъакIуэ. КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэр кьиуха нэужь Налшык кьигъэзэжри, ар щылэжьащ адыгэ газетым и редакцэм.

А гъэхэм кьыщыщIидзазэу сэри ар нэхъыфIу кьэсцIыхуащ. Иужькlэ тIури дыщызэдэлэжьащ «Ленин гъэугум». Сыт хуэдэ Iэнатlэ кьыхуамыгъэфэщами, Нурий ящыщт зи кьалэныр гурэ псэкIэ зыгъэзащIэхэм, кIэзетыр нэхъ гъащIэгъуэн хъун папщIэ зи гуащIэ емыблэжхэм. Ар гупым яхэтт Iэдэбэгэ сабыр. ЗыщIригъэхьыу техуэлэежкIыртэкъым. Езыр кIэзетым и къудамэм и унафэщIу щыщытахэм щыгъуи, кьызэрыгуэкI лэжьакIуэу щылэжьахэми гупым ящIэр ядищIащ.

А псоми кьадэкIуэу, Нурий усэ тхынри зэи Iэщlыб ищIакъым. Зи усыгъэхэр 1942 гъэм дунейм кьытехьэу хуэжьа Щоджэнцыкlуми и Iэдакъэм кьыщIэкIауэ адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ кьыдэкIащ тхьилъ зыбгъупщ. Абыхэм адыгэ литературэм щалэ увыпIэм хуэфащэ пщIэ хуащIащ ди тхьилъеджэхэм. Жыпlэ хъунущ Нурий хуэзфIэкI псор и лъэпкъым, лъэпкъ щэнхабзэм хуищIауэ - и усыгъэ тхьилъхэм, уэрэд телъыджэ хъуа и псалъэхэм, кIэзетым хуиIэжьаклэм нэмыщI, Щоджэнцыкlум куэду зэридзэкIащ Совет Союзу щыта къэралыгъуэшхуэм щыпсэу зэлъапкъэм кьаухэкIа усакIуэ зыбжанэм я тхыгъэхэри. Абыхэм папщIи фIыщIэшхуэ хуэфащэщ Нурий.

ЕЛГъЭР Кашиф,
КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.

Псыпэр хэзышахэм ящыщ Агузар Мурадин

Агузар Мурадин ящыщт Хъуран Батий и латин алфавитымкIэ кьыдэкIыу щыта «Къэрэхьэлъкъ» газетым щылэжьахэм.

АБЫ КУЭДРЭ кьытхуиIэтэжу щытащ а зэманым газетым ущылэжьэныр гугъу кьудей мыхъуу, атIэ икIи щынагъуэу зэрыщытар. Жэщми махуэми редакцэм щIэмыкIыу лажьэ корреспондентхэр, корректорхэр зы щыуагъэ закъуэ щхьэкIэ редакцэм щылIащ кьэхъурт, игъащIэкIэ кьамыгъэззэжыну. Езы Мурадин жиIэжырт илъэс зыщыплIым кьриубыдэу редакцэр зэрыщыту (цIыкIу 20-м нэс) хъыбарыншэу ягъэкIуэдауэ щытауэ.

Хъураным и латин алфавитыр урыс алфавиткIэ щыIэзрахъуэкIауэ щытам щыгъуэт ар. Хъураным и цIэми, и лэжьыгъэми табу трагъэувати, газетым и лэжьакIуэхэм пIащIэ-тхъытхъыу алфавитыщIэр зрагъэщIэжырт, арат апхуэдизу цIыху зытекIуэда щыуагъэхэр газетым щокIуэр.

Агузар Мурадин ящыщщ Хэку зауэшхуэм и япэ мазухэхэм кьыщыщIидзазэу фронтым Iутахэм. Кавказым щежьэри, Польшэм нэс кIуащ бийм езауэу, дамыгъэхэр и бгъэм хэлъу кьэкIуэжащ икIи редакцэм лжьаIэ увыжащ. Ар лжьащ парт, промышленнэ, ухуэнныгъэ, письмохэмрэ тхъэусыхафэхэмкIэ кьудамэхэм я унафэщIу, жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэу.

Мурадин икъукIэ фIыуэ ильагъурт спортыр. Газетым и сыт хуэдэ кьудамэм щымыIэжьами, спортым, хэхаэ футболым, теухуа тхыгъэхэр кьытрыригъадзэрт. И гуфIэгъуэт Налшык и «Спартакыр» ди стадионым щыщыджэгу, псом хэмыдзу ар щытекIуэ махуэхэр.

Мурадин и фIыгъэкIэ футбол зэхьэзэхуэхэр зэрекIуэкIар етIуанэ пщэдджьжьым газетым кьытеддзэ хъуат. Ар кьехьэлъэкIырт абы щыгъуэм редактору щытам, футболым мыхьэнэ щIагъуэ езымыIэм, ауэ апхуэдэ тхыгъэхэр ди щIэджэкIуэхэм я гу ирихьу хуежьат, я гуапэ зэрыхьури газетым кьатхырт.

Жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэм и кьалэнхэм ящыщт газет папкIэчэщIэр зэхэгъэувэнырэ, я макетхэр щыныр, тхыгъэ щIыкIуэхэри, инхэри, сурэтхэри зэгъэкIуэуэ газетыр кьыдэкIыныр кьызэригъэпэщыныр. Ахэр Мурадин фIы дыдэу кьеухылIырт.

Агузар Мурадин цIыхухэр, псом хэмыдзу дэ, и лэжьыгъэхэр, фIыуэ дыкъыпагъурт, сыткIэ зыхуэдмыгъэзами, лъэкIымкIэ кьыддэзIэпыкъунут.

КъАМБИЙ Зуфар.
2003 гъэ

Журналистхэм я гъэсакIуэ емызэщ Апажэ Назир

1929 гъэм накъыгъэм и 5-м ЩIхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ Апажэ Назир Жамырзэ и къуэр. ЩIалэ дыдэу лэжьэн щIидзащ абы.

КъУАЖЭ ящыт школыр къызэрихьыу, абы егъэджакIуэу къагъэнэжат. Куэд дэмыкIыу, и ныбжьыр илъэс тIощIым иту, 1949 гъэм Налшык къашэ. Школым щIэсу тхэн щIэзыдза щIалэщIэм и къэлэмыпэм къыщIэкIаXэр «Къэбэрдей пэж» газетым и редакцэм щылажьэхэм ягу ирихьри, корреспондентэу ящтат икIи абы зэфIэкI зэриIэр занщIэу къигъэлъэгъуащ.

Назир партым хагъэхьэ, Геленджик дэт парт школми щIагъэтIысхьэ. Ар хъарзынэу кьиуха нэужь, Апажэр редакцэм и парт къудамэм и унафэщIу ягъэув. А Iэнатlэ мытыншми екъуIэныгъэ иIэу, ищIэр хъууэ илъэс щащIым щIигъукIэ щылэжьащ ар. Республикэм зы парт организаци иттхэкым зи лэжьыгъэм Назир щымыгъуазэ. Абы и лэжьыгъэфIым папщIэ «Къабардей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр кьыфIащащ, мызэ-мытIэу дамыгъэ лъапIэхэр, щыгъуэ тхьилъхэр, ахъшэ саугъэтхэр кьратащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, лъэкIуэ хьэлэмэту, цIыху тельджэу щыта Апажэ Назир 2003 гъэм мэкъуауэгъуэм дунейм ехыжащ. Республикэм щыщIэрыIуэ журналист куэдым я гъэсакIуэр, цIыху щыпкъэр зыхэта гупым ящыгъупщэркъым.

Абыхэм ящыщщ ди газетым илъэс куэдкIэ щыпэжьа Уэрыш Нурхьэлий Назир теухуауэ итхыжауэ щыта мы гукъэкIыжхэри.

«Университетым дыщIэсу, дызыхуагъаджэм нэхъыфIу дыхэгъуэзэн папщIэ практикэ дагъэкIат. Кьыздеджэжэр Нало Ахьмэдхъан Старэ Урыху школым ишат, сэ «Ленин гъэугу» газетым и редакцэм сагъэкIуат. А зэманым цIыкIугъэ схузхъуат Апажэ Назир - ар зи унафэщIу кьудамэм срагъэбдыдылIат. Апажэр лэжьакIуэшхуэ кьудей мыхъуу, гуапэт икIи гушыIэрэйт.

Журналистикэм япэ лъэбакъуэр абы и деж щыхуэсчауэ кьызолъытэ. Назир и гъусэу куэдрэ сыздришажьэт. Парт организацэхэм я IэхущIафэхэм, секретархэм я лжьэкIэм щыгъуаз зыщищIкIэ сыкIэлъыплъырт, дыкъэкIуэжа нэужь итхыжхэм сригъаджэрт, сэри зыгуэрхэр сигъэтхырти, езыр еплъырт, хъуари мыхъуари кьизжиIэрт, си щыуагъэхэр сигъэлъагъужырт. А псори иужькIэ кьыхсхуэщхьэпэжащ.

Университетым и ужькIэ, комсомолым зы илъэс нэхъ сыщымылэжьауэ, Бахъсэн кьыщыдэкI «Коммунист» газетым и редакцэм срагъэблагъэ. Аргуэру Назир сэрэ ди гъэугуэрэ зэтохьэж. Нарткъалэ кьыщыдэкI «Маяк» газетым и редактор нэхъыщхьэу ягъэкIуат ар. Дэ ди газетхэм я номер зэхэтхэр щIэх-щIэхьурэ кьыдздгъэкIырт. Зэм Бахъсэн, зэми Нарткъалэ дыщызэхуэзэрт, дыщызэпсалъэрт.

Ещанэу сэ Назир сыщыхуэзэжащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм икIи нэхъ гъунэгъужу мыбы дыщызэрыцIыхуащ. Апажэр иджы редакцэм жэуап зыхь и секретарт. Сэ нэхъыбэу гу зылъыстар ар и Iуэхум зэрыхуэIэижьым и закъуэтэкъым, атIэ гумызагъэу, жьэрыр, Iуэхум тезащэ имыщIэу зэрыщытырт. Абы удэлажьэну икIи гугъут, икIи тыншт. ЗыщIебгъэхыу, уи кьалэнхэр и кIэм нэсу умыгъэзащIэу идэнутэкъым. Ауэ мыхьэнэншэри фIэгъэнапIэ ищIынутэкъым. Чэнджащ пэжэзр, гуапэхэр кьуитынут, ущыуамэ, гъэугу пэж утриГъуэвэжынут.

АтIэми, Апажэр цIыхугъэшхуэ, гущIэгъу зыхэлъ цIыхут. Абы хьэл хуэлэмэт иIэт. ЛжьакIуэ гуэр и мазэ зыгъэпсэхугъуэм кIуэнумэ, абы и тхыгъэхэр нэхъыбэу гъэстым игъакIуэрт, гонорар нэхъыбэ къригъэлэжьынт папщIэ.

НэгъуэщI зы хьэл гъэщIэгъуэни дэсльэгъащ сэ а Лыым. Тхыгъэр машинкэкIэ тезыдзэжам кьалэжьыр нэхъ мащIэт. Назир абыхэм ядэIэпыкъуурэ телевиденэм, радиом я программэмкIэ адыгэбзэкIэ зэрыригъэдзэкIырти, гонорар кьаригъэлэжьырт. Кьыддэлажьэхэм ящыщ гуэр гуфIэгъуэ иIэмэ, е нэщхьеягъуэ кьылъыкIуэхьэкIамэ, апхуэдэхэм защIэгъэкъуэныкъуэ ящыщ ар.

Назир жэуап зыхь секретару лажьэ щхьэкIэ и тхэныр зэпигъэурэтхэрт. Абы Iэкlуэлъакlуэу итхырт пэрыт тхыгъэхэр, апхуэдэуи АПН, ТАСС хъыбарегъащIэ агентствэхэм кьатхэр, законхэр, унафэхэр гъэхуауэ зэридзэкIырт».

ЩОДЖЭН Заирэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

НыбжьыблкIэ узэIэбэкIыжмэ

Кавказ Ищхъэрэм щыщ бгырысхэм цIыхум уасэ зэрыхуагъэувыр и хьэлымкIэт: хьэлэлу, хьэщIэхуэфIу щытыр хамэми благъэми лъагэу яIэтырт. Адыгэ унагъуэм зы хьэщIэм и гугъу щащIын ямыухыурэ адрейр бжэщхьэIум къытеувзу щытащ пасэ зэманкэм. Унащхьэм бэдж къехьу ялъэгъуамэ, ар Тхьэм и Iэмыркlэ лIыкIуэу къахуэкIуауэ къалъытэу, хуэсакъыпэурэ Iэгуклэ щIыбым щIахьирт: «Хьэщlэ къокIуэ, абы хьыбарыфIрэ фIыгъуэрэ къыдэкIуэнущ», жаIэурэ.

Мусукаев Александр

КАВКАЗ Ищхъэрэм щыщ лъэпкъхэм цIыхум хэлъ хабзэр абы и гум и гъуджэу къалъытэ. Адыгэхэми, балъкъэрхэми, осетинхэми, шэшэнхэми, ингушхэми, адрей бгырыс лъэпкъхэми цIыху декIуэкIыкIэр акъылым и лъагапIэут зэрабжыр. Хабзэхэр лIэщIыгъуэ бжыгъкIэ зэтоувэ, ар зезыхьэ лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэр теплъагъуэкIыжу.

1975 гъэм сепсэлъэну къысхуихуат Бейдыдж къуажэм щыщ, балъкъэрхэм я «лъэпкъ тхыдэджхэм» яз Геккиев Донгай. Абы фIы дыдэу хищIыкIыпт Кавказ Ищхъэрэм и тхыдэм, адыгэбзи, осетиныбзи, нэгъуэщI лъэпкъ гъунэгъу зыбжанэм я бзэкэри ищIэрт. Абыхэм къадекIуэкI хабзэми динми зэрыщыгъуазэм къыжэкIыу, а дадэм фIэщхъуныгъэ быдэ бгъэдэлът, бгырысым и къэухьри и гъэсэныгъэри зэрыиным, абы къыдекIуэкI цIыху хэтыкIэм зэрыкъуэмылIыкIынум шэч къытримихьэу. Къыкlэлъыкlуэ махуэм дунейм зэрызищIынум и гугъу щытщIым, абы къыззжиIар мырат: «Пщэдджыжь пшэплъэ уэзплъэкIыу укъыззплъэкIыжьыу токIуэтри йожьэж, аущ пщыхьэщхьэр пшэплъмэ, махуитI-щыкIэ уэфIу щытынущ». Абы гу лъитэрт цIыхухэм я гупсысэкIэм, хабзэм иубыд увыпIэм (псалъэм папщIэ, нэхъыжьым хуащI пщIэм, бзылъхугъэм зэрыхущытым, хьэблэ зэхэтыкIэм) зэрызихъуэжым.

Ныбжьыщхъэ зиIэ цIыхухэм Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъ куэдым я деж ущрохьэлIэ. Абы и щхьэусыгъуэхэм ялъыхъуэмэ, ар лъым, зыхэпсэукI хьэуам, лъэпкъ гупсысэкIэм елъытауэ къыщIокI.

УкъызыхэкIа лъэпкъым и ныбжьибл пщIэныр адыгэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ. Благъагъэр къыщежьамрэ зэрызиужьымрэ пщIэмэ, унагъуэр зищIысри нэхъ къэщIэГъуафIэщ.

Псалъэм папщIэ, Курп Ипщэм (Инарыкъуей) къуажэм щыщ Хьэтхъутхэ пасэ зэманым Псыдахэ псыежэхым Iусащ. 1765 - 1775 гъэхэм пщIондэ абыхэм я адэжьхэр Инарокъуэпщхэм я уэрхъуу къекIуэкIахэщ. 1765 гъэм и ужькIэ Инарокъуэпщыр уэрхъ зыбжанэ и гъусэу Курп Iуфэ Iэпхъуэри, абдежым щиухъууэ щытащ и унэцIэр зезыхьэ къуажэщIэ. Къанкъуж жыхуаIэм къуитI иIэт: Къарэжьрэ Хьэтхъутрэ. Къаржьэ - Къаржьэхэ къатехъуIкIащ, Хьэтхъути и унэцIэр зезыхьэ лъэпкъым лъабжьэ хуэхъуащ.

«Бей» унэцIэм и мыхьэнэр «къулей» псалъэм хуокIуэ. Дзэлыкъуэ хъуПIэхэм зи былым щызыгъэхъуакIуэ щыта Бейкэ щышхъуэ яIыгьт, Iэщ щызэрахуэу, мэкъу щеуэу, езыхэр зэблагъэ хъэблэщхуэ хъурт, нэрыбгэ пщы бжыгъэм нэс кхьэщIиубыдэу, аращ унэцIэм и къежьапIэр.

«Таукенов» унэцIэм я лъабжьэр Джылахъстэнейм хиубыдэ Борыкъуей къуажэм къыщокIжьэ. Зэкъуэшищ я пщым щыхьахэт, налог ирамытын щхьэкIэ. Арати, зэкъуэшхэм я нэхъыжь Алан и зиусхьэныр иукIри, Балъкъэр щынальэм ихьэжащ, дыщIэжьым Iэщlэкlын и гугъэу. Абы «Таукеладам» - «цIыху хахуэ» - къыщыфIащащ. Лъэпкъыр къызытехъуKа «Таукел» и цIэр унэцIэ хъужащ. Таукеновхэ къатепщIыкIыжащ Сокъур, Исакъ, Мammеев, Залиханов унэцIэхэр. Къэсейхьэблэ (Баксанёнок) щыщ Лъостэнхэ къызытехъуKар Лъостэн Исхьэкъащ. Лъэпкъым щыщхэм зэрыжаIэмкIэ, я унэцIэр «Лъостэн» цIэ зезыхьэ лIым къытекIащ. Лъостэн ЛIэужь шы куэд зэрихуэу щытащ, Iэщщышхуэрэ мэлу хъушэшхуэхэр иIэт. Унэцlэр зезыхьэхэм я нэхъыжьым и цIэр Мамсырт. Зэрыжаlэжьымкlэ, Лъостэнхэ яIыгъащ Александровкэ ихъуреягъыр, Арщыдан ищхъэрэм хуэзэ щIыхэр, Шэрэдж Iуфэр, езыхэр уэрхъ лIакъуэм щыщхэщ. Урыс-Кавказ зауэм и ужькIэ Лъостэнхэз ящыщ гуэрхэр Тыркумрэ хьэрыт къэралхэмрэ Iэпхъуащ. Псыхъурей дэсщ Лъостэн Мамсыр и къуэхэу Пакърэ Яррэ я щIэблэр.

Шэрджэсейм щыщ зэкъуэшищ я къуажэм къыдэкIри, Къэбэрдейм къэIэпхъуат: Шэджэм Езанэм, ЕтIуанэм, Кэнжэ. Уэрыш зи цIэр Шэджэм Езанэм дэтIысхьащ, Алэкъей - Шэджэм ЕтIуанэм, Къущхьэ - Кэнжэ къуажэм. Абыхэм Уэрышхэ, Алэкъейхэ, Къущхьэхэ къатепщIыкIащ.

КIэрэфхэ революцэм и пэкIэ уэрхъ унагъуэ къулейхэм хабжэрт. Мэл миным нэс зэрахуэрт, щIы куэд яIыгьт. Я псэупIэр Акъбащ Ипщэрат. 1790 гъэм КIэрэф Ашэ кьалъхуащ. Аращ джылахъстэней КIэрэфхэм я лъэпкъыр къыдыхтекIуэкIар. Зы КIэрэфкэ Астемырыпщым и уэркът, абы и унэцIэр зезыхьэ къуажэм (Астемырей) дэсхэу. Ашэ унафэ ищIамкIэ, пщылIхэми унэIутхэми езыхэм я унэцIэр кърагъэщтауэ щытащ.

Илъэс куэд ипэкIэ Дагъыстэным къикIри Къэбэрдейм Саласкир зи цIэ къумыкIъу къэIэпхъуауэ щытащ. Абы къытехъуKащ Харкизовкэ я унэцIэр.

Сванетием я пщы пашэхэм зэрахьэу щытащ «Эристави» унэцIэр. ДызэрыщыгъуаззмкIэ, Анаури быдапIэр къыззэзыгъэпэщауэ щытар Эриставский Нуказрщ. Нуказар къуипIи иIащ: Тэмазэ, Таймураз, Алаби, ХьаIэ. Тамазэ унэцIэр иджыпсту адыгэхэми балъкъэрхэми зэрахьэ.

Къэбэрдейм Сонэхэ я унэцIэми ущрохьэлIэ. Ахэр сванхэм ящыщ Дадешкилиани унэцIэм къытехъуKащ.

Быырсекъуэжэ я нэхъыжьым и цIэр Асльэныкъуэщ, жанейжэм ящыщщ. Быырсекъуэжэ Псыжь псыежэхыр Iуэзв хым щыхэлъадэм деж щыпсэууэ щытащ. Асльэныкъуэ Къэбэрдейм, Бабыгуей къуажэм къэIэпхъуа нэужь, абы и къуэ Исхьэкъ «Быырсэ»-кIэ зэджэжьи щIидзащ. «Быырсэ» псалъэм, жанеибзэкIэ «лIы» мыхьэнэ иIэщ.

Кавказ Ищхъэрэм и цIыхубэр сыт щыгъуи хущIэкъут ныбжьыщIэхэм, бзылъхугъэхэм, зауэлIэхэм папщIэ еджапIэщIэхэр къызэIухыным. А Iуэхумкlэ мыхьэнэшхуэ иIащ Ставрополь къыщыззрагъэпэщауэ щыта гимназиер. А еджапIэм къыщIэкIащ Кавказ Ищхъэрэм и цIыхубэ гъащIэм лъэужь дахэ къытезыта цIыхушхэхэр: ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Абаев Сулътан-Бэч, КIашэ Адэлджэрий, Урусбиев Исмэхьил, Келеметов Къэщтащ, нэгъуэщIхэри.

МУСУКАЕВ Александр, *КъБКъУ-м и профессор. Зыгъэхьэзырар* **ЧЭРИМ Марианнэщ**.

Сурэтыщl гъуэзджэхэмкIэ музейм щагъэлъагъуэ Художествэхэмкlэ Урысей академием щIыхь зиIэ и академик, художник Рубец Александр и лэжьыгъэхэр. Выставкэр зыкъызрызIуахым трауха зэхьыхьэр иригъэкIуэкIащ музейм и унафэщI Ремхен Еленэ.

Сурэт щIэщыгъуэхэр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Рубец Александр

МУЗЕЙМ и пэшищми утыку къыщрахьа лэжьыгъэхэм къапкърыкI дахагъэр, нэм къыдэкIуэу, псэкIи зэрызыхэпщIэм урегъэгупсыс гъуазджэм и къарур зэрыгъуэнагкъэншэм, художникхэм дуней лъэгъукIэ щхьэхуэ зэраIэм, сурэтыщI гъуазджэм и щэхухэм узэрыхашэфым. Абыхэм къохъулIэ десжауэ махуэ къэс ди нэгу щIэкI щIыуэпсым, щIыпIэ дахэхэм нэгъуэщIынэкIэ драгъэплъын.

- Рубец Александр ящыщщ зи хъэтI зиIэж, зи лэжьыгъэ хьэпсмэтхэр нэгъуэщIхэм я Iэдакъэщ1экIхэм занщIэу къаxэпцIыхукI сурэтыщI Iэкlуэлъакlуэхэм, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** выставкэр къыщызIуихым.

УФ-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр правленэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий** и псалъэм къыхигъэщащ Рубец Александр цIыхухэр фIыуэ зэрильагъур икIи ахэр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми насыпыфIэ зэрищIыным хущIэкъуу, езым ильагъу дахагъэмрэ хуабагъэмкIэ зэрадэгуашэр.

УФ-м щIыхь зиIэ и художник, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, ЩIДАА-м и академик **КIыщ Мухьэдин** и гуапэу жиIащ илъэс куэд хъуауэ ицIыху и лэжьагъу Рубец Александр Художествэхэмкlэ Урысей академием хэтхэм фIыуэ къызэраIэгъуэ щIыпIэ щыпсэу, илъэс 39-рэ зи ныбжь цIыхухэм. Щхьэусыгъуэр жэщым и автосервисым ноутбукрэ диагностикэ Iэмэпсымэрэ, сом мини 150-рэ и уасэ, зэрыщIадыгъукIарт.

УРЫСЕЙ МВД-м Шэджэм районым щIиэ къудамэм Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм махуитIым къириубыдэу яубыдащ шэч зыхуащI щIэпхъаджащIэр. Ар нэхъапэми мыхъэ-мытIэу суд зытращIыхьа, илъэс 35-рэ зи ныбжь, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм щыщ цIыхухъурщ.

Абы илэжьамкIэ зиумысыжащ. Идыгъуаxэр кIыIахьжащ. Уголовнэ Iуэху къаIэтат.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

интернатым, Санкт-Петербург и Художественнэ училищэм щеджащ. Урысейпсо, дунейпсо художественнэ выставкэхэм и лэжьыгъэхэр утыку къыщрихьащ. И сурэт куэд щахъумэ иджырей гъуэзджэхэмкIэ Москва и къэрал музейм, Дон Iус Ростов, Грознэ къалэхэм я художественнэ музейхэм, Дербент щыIэ «Нарын-Кала» къэрал музей-быдапIэм, Ставрополь крайм и музейхэм. Дамыгъэ лъапIэхэр мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ, УФ-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм, Художествэхэмкlэ Урысей Академием къабгъэдэкI дыщэ медалхэр щIыгъуу. Мы зэманым Рубец Александр Псыхуабэ къалэм щолажьэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЗэрытегъакIуэхэркъым

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм щIидзэжьыным махуэ бжыгъэ иIэжу аращ. Абы ерыщу зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» зэныбжьэгъугъэ зэIущIитI зэкIэлъхьэужьу Нартсанэ (Кисловодск) къыщрихьэлIащ.

МАЗАЕМ и 24-м ди щIалэхэм хьэрхуэрэгъу къаxуэхъуащ Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-р. ЗэIущIэр удэзыхьэхыу екIуэкIащ. Псыхуабэдэсхэм япэу бжыгъэр къызэIуахащ: абыхэм яхэт ди лъахэгъу КIыщ Залым сэмэгурабгъумкIэ кIуэцIрыкIри, Iэзэу топыр къыхитащ икIи лъэщу еуэри, Соловьёв Михаил и командэр япэ иригъэщащ.

«Спартак-Налшыкыр» абы къигъэдзыхакъым. Ар нэхъ ерыщыжу ебгъэрыкIуэ хъуащ икIи апхуэдэхэм ящыщ зым «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и гъуащхьэхъуэмэхэм футбол хабзэр я гъуэм пэмыжьижьэу къыззэпаудащ. Пенальти! Ар Iэзэу игъэззщIащ Бацэ Къантемыр.

Джэгур иухыхукIэ бжыгъэм зихъуэжакъым икIи зэрытемыгъэкIуаеу, 1:1-уэ, командзкэр зэбгъэдэкIыжащ.

КъыкIэлъыкIуэу, мазаем и 25-м, «Спартак-Налшыкыр» Iущащ Мэхьэчкъалэ и «Легион-Динамо»-м. Махуитху ипэкIи хуэдэу, абыхэм я зэпэщIэтыныгъэр хэт нэхъ лъащми зэхамыгъэкIауэ иухащ. Пэжщ, иджы зым адрейм топ худигъэкIыфакъым. Япэр 1:1-уэ зэфIэкIат.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018-2019 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм Iыгъ-хэпэм и 16-м пащджьынущ. А махуэм зэрызигъэпэсэхум къыхэкIыу «Спартак-Налшыкыр» зэпеуэм щыхьхьэжьынр тхьэмахуэкIэ нэхъ кIасэущ. Iыгъхэпэм и 23-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм абы къыщригъэблэгъэнущ «Краснодар-3» командэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Волейбол

ЛIыхъужьыр ягу къагъэкIыж

Илъэс къэс мы зэманым Къэхъун къуажэм щокIуэкI Афганистаным щыхэкIуэда, зэрихьа лIыгъэм папщIэ Вагъуэ Плъыжь орденыр мыпсэужу зыхуагъэфэща Нэгъэщу Хьэсэнбий и фэеплъу къызэрагъэпэщ, волейбол джэгунымкIэ зэхьэзэхуэ. Мы гъэм ар щэщIрэ етIуанэу зэхаублащ икIи ирагъэхьэлIащ Афган зауэр зэриухрэ илъэс 30 щрикъум.

КЪЭХЪУН дэт курыт еджапIэхэм я спорт пэшхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм къызэхуишэат Нарткъалэ, Старэ Шэрдэж, Шэрэдж Ищхъэрэ, Ташлы-Тала къуажэхэм къикIахэмрэ хэгъэрейхэм я командитIрэ.

Зэпеуэм хэтахэмрэ абы еплъыну къикIуахэмрэ пэублэ псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ Къэхъун къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къандахъу Леонид, курыт еджапIэ №2-м и директор Джатокъуэ Хьэуелэ, Афган зауэм и ветеранхэм я Урысей союзым Аруан районым щIэ къудамэм и пашэ Аргъэщокъуэ Аслъэн сымэ. Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ Кабалоев Мурадин ар зэраубзыхуа щыкIэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ.

Махуэ псом гуащIэу екIуэкIа зэпеуэм текIуэныгъэр къыщахьащ Ташлы-Тала къикIахэм. Бэнэныгъэ гуащIэм ахэр хэгъэрейхэм щефIэкIащ. Шэрэдж Ищхъэрэм и волейболистхэм ещанэ зывплIэр къалъысащ.

ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ фэеплъ кубокыр, дипломхэр, медалхэр, саугъэтхэр, волейбол топхэр хуагъэфэщащ.

Зэхьэзэхуэр щызэхуащIыжьым абы хэтахэм фIыщIэ хуащIу, дяпэкIи екъулIэныгъэ яIэну екъуэхъуу къэпсэлъахэщ илъэс къэс а Iэхум и къызэгъэпэщакIуэ емызэшыж Гулэжьи Бесльэн, Къэхъун курыт еджапIэ №1-м и директор Хьэхъупащ Iэмин, спортым и ветеран Хьэщlэлl Руслан, фэеплъ зэпеуэр зи цIэкIэ къызэрагъэпэща щIалэр къызыхэкIа лъэпкъым и лIыкIуэ Хьэсэн сымэ. Абыхэм къыхагъэщащ мыпхуэдэ зэпеуэхэм щIалэгъуалэр хэкупсэу, узыншэу къызэрагъэтэджкIи икIи мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

Зи гугъу тщIа зэхьэзэхуэр екIуу къызэгъэпэщыныкIэ икIи егъэкIуэкIыныкIэ дэIэпыкъуэгъу нэс хьуазхэщ Къэхъун къуажэ администрацэмрэ Нэгъэщlухэ я лъэпкъымрэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Дыгъуакlуэм зиумысыжащ

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ Управленэм 2019 гъэм мазаем и 27-м зыхуэзыгъэза къалэдэс щIыхьбзым зэрыжиIамкIэ, абы и фэтэрым и балконым хэлъ абджыр хихыу и унэм щIыхьа бзаджащIэм щидыгъукIащ норкэ щубзу 6, Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр, алэрыбгъуэхэр, нэгъуэщI хьэпшыпхэри - псори зэхэту сом 1 996 200-рэ я уасэ.

А щIэпхъаджагъэр илэжьауэ шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар Бахъсэн районым щыпсэу илъэс 23-рэ зи ныбжь щIалэрщ.

Яубыдам илэжьамкIэ зиумысыжащ. Идыгъуаxэр къытрахыжащ. Уголовнэ Iуэху къаIэтынущ.

Аргуэрыжьу

Урысейм МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и плъыр-пост къулыкъум и лэжьакIуэхэм, Псыхъурей къуажэм и гъунэм къалэныр щрахьэкIыу, мазаем и 27-м яубыдащ нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, а щIыпIэм щыпсэу, илъэс 52-рэ зи ныбжь цIыхухъуэ. Ар къыщащым къыкъуахащ грамми 100 хуэдизын афиянхэкI.

ЦIыхУхЪУм щIыпIэм имыкIыну хуаГъэуваща. Уголовнэ Iуэху къаIэтынущ.

Сом мини 150-рэ и уасэ

2019 гъэм мазаем и 24-м полицэм зыхуигъэзащ Аруан районым щыпсэу, илъэс 39-рэ зи ныбжь цIыхухъум. Щхьэусыгъуэр жэщым и автосервисым ноутбукрэ диагностикэ Iэмэпсымэрэ, сом мини 150-рэ и уасэ, зэрыщIадыгъукIарт.

УРЫСЕЙ МВД-м Шэджэм районым щиIэ къудамэм Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм махуитIым къириубыдэу яубыдащ шэч зыхуащI щIэпхъаджащIэр. Ар нэхъапэми мыхъэ-мытIэу суд зытращIыхьа, илъэс 35-рэ зи ныбжь, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм щыщ цIыхухъурщ.

Абы илэжьамкIэ зиумысыжащ. Идыгъуаxэр кIыIахьжащ. Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къанщокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь). Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Иэз.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5



ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым -42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iэхущ1апIэхэм ядлэжьхьэныкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтеуту зэпыту щытхьэм.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33
12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.249 ● Заказ №179